

OptaCompSM

The workers' comp affiliate of Florida's



Program Konpansasyon Travayè pou Anplwaye yo ak
Volontè nan Ajans ak Inivèsite Eta Laflorid yo



Depatman Florid pou Sèvis Finans (The Florida Department of Financial Services)

Divizyon Administrasyon Pou Risk (Division of Risk Management)

1-800-262-4402

oryantasyon pou travayè ki andomaje



*Aksidan rive nan milye travay yo, men
rete kè poze Divizyon Administrasyon Pou Risk
ak OptaComp pran responsablite nou genyen pou ou
menm ak anplwayè w yo oserye.*



KI REPREZANTE
ALEX SINK
OFISYE FINANSYÈL AN CHÈF
ETA FLORID

Byen Chè Travayè Andomaje an:

Divizyon Administrasyon Risk nan Depatman pou Sèvis Finans Laflorid la ki responsab pou founi benefis konpansasyon travayè pou anplwaye ki andomaje oswa volontè yo nan ajans ak inivèsite nan Eta Laflorid yo. Nou konprann ou te andomaje epi ou vle w konnen nou angaje pou komèt tout tan ak enèji nesèsè pou ede w nan gerizon medikal ou an pou kapab retounen nan travay.

Nou fòme patnerya avèk OptaComp, filyal konpansasyon travayè Blue Cross ak Blue Shield of Florida, pou kowòdone swen medikal ou yo ki konekte ak sa. Yon Enfimyè Sètifye OptaComp oswa Enfimyè Praktikal Sètifye an pral pran randevou ak otorize tout randevou medikal ki nesèsè yo, reponn tout kesyon medikal ou yo ak ede pou kapab retounen nan travay.

Ajistè Divizyon Administrasyon Risk an responsab pou detèmine si reklamasyon an gen konpansasyon, peman benefis endamnite pou pèt tan nan travay pou yon aksidan ki te rive nan travay, ki te koze pou manke plis pase karant jou travay, ak ranbousman pou mil distans trajè pou randevou ki ototrizè yo.

Sès karyè, SES, SMS, al lòt anplwaye pèmanan ajans oswa inivèsite Eta Laflorid yo ki te sibi yon gow andomajman akòz yon aksidan ki te rive nan travay se moun ki genyen estati atanplèn pou premye karant jou san yo pa genyen okenn egzijans pou itilize tan konje yo te akimile. Yo kapab itilize tan konje sa pou dezablite kontinye oswa tanzantan pou kouvri randevou medikal yo ki ge relasyon dirèk ak andomajman konpansasyon travayè. Yo pap bay benefis sa a pou OPS oswa lòt anplwaye ki pa pèmanan yo. Ou dwe mande anplwyè w la direkteman tout kesyon ou genyen konsènan premye karant jou benefis dezablite yo.

Patnerya ant Divizyon Administrasyon Pou Risk ak OptaComp gen angajman pou founi sès ki pi meyè pou ou menm ak anplwayè w la. Tanpri kontakte ajistè Divizyon Administrasyon Pou Risk ou nan 1-800-262-4402 si w genyen kesyon.

Sensèman,

Denzil Weimorts
Manadjè, Reklamasyon Konpansasyon Travayè Leta yo



KI REPREZANTE
ALEX SINK
OFISYE FINANSYÈL AN CHÈF
ETA FLORID

Byen Chè Tavayè Andomaje an:

Se konpayi founisè asirans ou an k ap founi enfòmasyon sa a onon Biwo Asistans Anplwaye nan Divizyon Konpansasyon Travayè an.

Biwo Asistans Anplwaye nan Divizyon Konpansasyon Travayè an se yon biwo leta ki nan Depatman Florid pou Sèvis Finans Nou founi sèvis ki annapre yo:

- Sèvi kòm yon resous pou travayè ki andomaje ak anplwayè yo pou founi enfòmasyon sou sistèm konpansasyon travayè an.
- Edike ak enfòmasyon travayè andomaje yo, anplwayè yo, konpayi asirans yo, founisè swen medikal yo, ak aranjman pou swen dirije sou responsablite legal yo genyen yo.
- Founi èd pou evite tout pwoblèm oswa dezagreman konsènan reklamasyon w la.

Nan lespas twa (3) jou apre nou resevwa notifikasyon ou gen yon aksidan, konpayi asirans konpansasyon travayè an pral pou ou yon bwochi enfòmasyonèl ki pral eksplike w dwa w ak responsablite w yo ansanm avèk obligasyon konpayi asirans yo. Li pral genyen ladann tou enfòmasyon ou dwe pou konnen sou sistèm konpansasyon travayè an. Ou kapab resevwa enfòmasyon sa a ansanm avèk lèt sa a. Ou ka jwenn yon bwochi si ou rele nou nan 1-800-342-1741 oswa voye yon imel nan: wceao@dfs.state.fl.us.

Ou kapab vizite tou youn nan Biwo Asistans Anplwaye lokal nou yo pou resevwa sèvis pèsònèl, tèt a tèt. Pou kapab jwenn yon ofis tou pre w, rele liy gratis la nan nimewo 1-800 anwo la a oswa vizite sitwèb Divizyon an nan: www.fldfs.com/WC/ epi klike sou "About Us".

Sensèman,

Tanner Holloman
Direktè, Divizyon Konpansasyon Travayè



P.O. Box 44291
Jacksonville, FL 32231-4291
www.optacomp.com

Independent licensee of the
Blue Cross and Blue Shield Association.

Byen Chè Tavayè Andomaje an:

Onon OptaComp ak anplwaye an, nou konprann ou te andomaje epi ou vle konnen nou angaje pou komèt tout tan ak enèji nesèsè pou ede w nan gerizon medikal ou an pou kapab retounen nan travay.

Se wòl nou pou ede w pou kapab resevwa benefis ou merite yo epi ede w nan tout kominikasyon ant ou men, anplwayè w la avèk kominote medikal la. Tanpri konsidere nou kòm patnè w nan pwosesis konpansasyon travayè an.

Pandan w ap resevwa swen, ou dwe espekte:

- Pou trete w tout tan avèk swen, konsiderasyon, ak konsyans
- Aksè nan swen medikal apwopriye alè
- Aksè pou wè yon Enfimyè ki Responsab Ka ak Ekip Komi Plent ki deziyen pou reklamasyon ka w la epi ki dedye pou sipòte bezwen w yo
- Nou pral aji kòm patnè w nan pwosesis konpansasyon travayè an
- Nou pral retounen tou apèl ou yo nan menm jou ouvrab la

Nou angaje pou founi w sèvis pi meyè posib ki genyen. Si nan nenpòt moman ou pas santi w satisfè avèk sèvis ou resevwa yo, tanpri kontakte ekip administrasyon OptaComp pou bannou opòtinite pou depase sa ou espekte.

Sensèman,

Jeff Close
Manadjè, Optimizasyon Pèfòmans
Nimewo telefòn: 800.545.6565 ekstansyon. 37814
Telefòn Selilè: 407.314.8184
Faks: 407.804.4490
Imèl: jeff.close@bcbsfl.com

Tabmatyè

Kondisyon Legal e relatif yo.....	1
-----------------------------------	---

Fòm ki Nesesè yo ak Enfòmasyon Enpòtan yo	2-3
---	-----

AKSYON KI NESESÈ! Tanpri Li Sa yo Avèk Atansyon

- Fòm Deklarasyon.....3
 - Otorizasyon Medikal ak/oswa Lopital
 - Deklarasyon sou Fwòd
 - Konesans pou Anplwaye yo – Enfòmasyon sou Konpansasyon Travayè ki Enpòtan pou Travayè Laflorid yo
 - Enfòmasyon Medikal Ki Pwoteje (PHI)

Enfòmasyon Jeneral.....	4-7
-------------------------	-----

- Kisa Konpansasyon Travayè ye?.....4
- Dwa ak Benefis Anplwaye yo.....4
- Kisa yon Komi Plent (Ajistè) ye?.....4
- Ki moun yon Enfimyè ki Responsab Ka ye?.....5
- Benefis Pèt Salè.....5
- Rete nan Travay, Retounen nan Travay.....5
- Amelyorasyon Medikal Maksimòm.....6
- Responsablite OptaComp yo.....6
- Responsablite Divizyon Administrasyon Pou Risk.....6
- Responsablite Travayè Andomaje yo.....7
- Pandan w ap Resevwa Tretman.....7
- Sekirite.....7
- Sezon Siklòn.....7

Fòm Benefis yo.....	8-13
---------------------	------

- Fòm Kantite Mil Medikal pou konpansasyon Travayè yo.....8-9
- Demann pou Yon-Chanjman Orènan Fòm Fizisyen Tretan an.....10
- Fòm Sondaj Konpansasyon Travayè pou Travayè Andomaje.....11
- Fòm Rapò Revni Anplwaye yo.....12
- Enfòmasyon Enpòtan: Salè Avan Andomajman an.....13

Enfòmasyon Enpòtan

Y ap egzekite pwosesis reklamasyon w la sou Lwa Laflorid 440.20(4) la, ki egzije Divisyon Administrasyon Pou Risk pou kòmanse peman pandan n ap ranmase enfòmasyon sou reklamasyon w la. Nan bònfw, nou kapab kòmanse peman benefis ou yo pou soulaje pwoblèm lajan ou genyen epi pou pran swen bezwen medikal ou yo. Sizoka yo ka detèmine pou nenpòt rezon nou dwe denye pati oswa tout reklamasyon la, nou dwe fè sa, epi notifye w alekri, nan lespas 120 jou sou dat premye pwovizyon benefis yo. Si yo denye reklamasyon w la, Divisyon Administrasyon Pou Risk la pral peye pou swen nou te otorize yo jiska dat nou voye pou ou alekri notifikasyon reklamasyon w la ki denye an.

Kondisyon sou Limitasyon

Lemoman ou fè yon aksidan nan travay oswa nou vin konnen ou genyen yon andomajman pou konpansasyon travayè, ou genyen 30 jou pou rapòte aksidan w la pou anplwayè w la. Jeneralman, ou genyen dezan apatide dat aksidan w la pou klase you reklamasyon. Mank pou rapòte yon aksidan nan lespas 30 jou kapab tradwi antan yon defans kont reklamasyon w la menm avèk dezan kondisyon sou litimasyon pou klase you reklamasyon. Kalifikasyon w pou benefis kapab elimine nan yon ane apatide dat ou te resevwa dènye chèk ranplasman salè w la oswa nenpòt swen/tretman medikal ki te apwouve.

Si ou pa si sou, oswa ta renmen asire w enfòmasyon te founi nan pake sa a egzak, nou ankouraje w pou rele nimewo ki anba la yo:

Depatman Florid pou Sèvis Finans
Divizyon Konpansasyon Travayè
Biwo Asistans Anplwaye

Nimewo Telefòn :
1-800-342-1741

Eta Laflorid la, Depatman pou Sèvis Finans, Divizyon Konpansasyon Travayè an, pral ede w avèk nenpòt kesyon ou ka genyen antan yon travayè andomaje Laflorid la, epi nou kapab ede w rezoud nenpòt pwoblèm ki kapab rive ant ou mwnm, Divisyon Administrasyon Pou Risk la, ak OptaComp.

*Anplwaye yo kouvri apatide premye
jou w genyen nan travay la.*



Fòm ki Nesèsè yo ak Enfòmasyon Enpòtan yo

Tout enfòmasyon ki nan pake Oryantasyon Pou Travayè Andomaje yo ENPÒTAN. Tanpri swiv etap yo founi yo epi pran tan pou li enfòmasyon yo avèk atansyon e konplètman.

Etap 1

- Tanpri imedyatman ak atensyon **LI, SIYEN, DATE AKD RETOUNEN** dokiman ki genyen fòm/dokiman nan lòt paj yo nan anvlòp tou tenbre ki gen adrès retou a nan anvlòp nou founi an.

LIST POU TCHEKE:

- ☐ Fòm Deklarasyon - (Paj 3)
 - Fòm Otorizasyon pou Remèt Enfòmasyon Medikal
 - Deklarasyon sou Fwòd
 - Avi Resepsyon Bwochi Eta Laflorid la ki rele “Konesans pou Anplwaye yo Enfòmasyon sou Konpansasyon Travayè ki Enpòtan pou Travayè Laflorid yo”
 - Lèt nan men Depatman Florid pou Sèvis Finans/Divizyon Konpansasyon Travayè yo
 - Enfòmasyon Medikal Ki Pwoteje (PHI)
- ☐ Fòm Sondaj Konpansasyon Travayè pou Travayè Andomaje – (Paj 11)

EMPÒTAN - LI AVÈK ATANSYON:

- Sou Regilasyon Laflorid 440.105(7): Yon anplwaye oswa nenpòt moun k ap fè yon yon reklamasyon nan seksyon rejyonal sa a dwe founi pwòp siyati li sèmante li oswa li te revize, konprann, ak rekonèt deklarasyon ki annapre la a: "Tout moun ki, avèk tout konesans ak entansyon pou fè dimal, triche, oswa fè desepsyon sou nenpòt anplwaye oswa anplwaye, konpayi asirans oswa pwogram asirans li pran poukont li, klase yon deklarasyon pou reklamasyon ki gen ladann nenpòt enfòmasyon ki fo oswa ki twonpe, ak komèt yon fwòd, ki ka resevwa santans nan fason ki dekri nan s.817.234 la." Si anplwaye ki andomaje an oswa lòt pati yo refize pou siyen pou dokiman ki pwouve ki te resevwa, konprann ak rekonèt deklarasyon an, benefis yo oswa peman nan seksyon rejyonal sa a pral sispann jiskaske nou resevwa yon siyati.

Etap 2

- Swiv tout Òdonans Klinisyen w yo.
- Si ou pa kenbe randevou w yo ka mete benefis konpansasyon travayè w la nan risk benefis konpansasyon yo.
- Si ou bezwen nenpòt asistans avèk swen medikal ou yo, tanpri kontakte Enfimyè ki Responsab Ka w la.

Etap 3

- Kominike regilyèman avèk Administrasyon Risk, OptaComp ak anplwaye w la.

AKSYON KI NESESE

Tanpri **LI, SIYEN, ak RETOUNEN** Fòm Deklarasyon ki nan anvlòp tou tenbre ki vin ak pake sa a.

Otorizasyon Medikal ak/oswa Lopital

- Avèk prezant sa a mwen bay pèmasyon mwen, epi sa se otorite w pou pèmèt Divizyon Administrasyon Risk, OptaComp reprezantan yo ki deziyen pou yo an pou egzamine, fè oswa founi mwen kopi tout dosye oswa enfòmasyon, radyografi ak rapò radyografi an an koneksyon avèk maladi oswa aksidan ki mande detansyon ak/oswa tretman pa ou menm.
- Mwen aksepte pou yon fotokopi otorizasyon sa a gen menm validite ak orijinal la.
- Mwen konprann mwen gen dwa pou mwen revoke otorizasyon sa nenpòt lè.

Deklarasyon sou Fwòd

- Mwen Konprann ak rekonèt "Tout moun ki, avèk tout konesans ak entansyon pou fè dimal, triche, oswa fè desepsyon sou nenpòt anplwaye oswa anplwaye, konpayi asirans oswa konpayi asirans la oswa pwogram asirans li pran poukont li, klase yon deklarasyon pou reklamasyon ki gen ladann nenpòt enfòmasyon ki fo oswa ki twonpe ap komèt yon fwòd, ki ka resevwa santans nan \$ 817.234 la."

Konesans pou Anplwaye yo - Enfòmasyon sou Konpansasyon Travayè ki Enpòtan pou Travayè Laflorid yo

- Mwen rekonèt mwe te resevwa kopi bowchi anplwaye ki rele Konesans - Konpansasyon Travayè ki Enpòtan pou Travayè Laflorid yo' ak yon lèt (nan kòmansman pake oryantasyon sa a) nan men Depatman Florid pou Sèvis Finans Finans/Divizyon Konpansasyon Travayè yo konsènan sèvis Biwo Asistans Anplwaye an founi.

Enfòmasyon Medikal Ki Pwoteje (PHI)

- Daprè HIPAA, yon antite ki kouvri (founisè swen medikal) kapa remèt enfòmasyon medikal pwoteje yon anplwaye (PHI) "jan li otorize an epi nan fason ki nesesè pou konfòme ak lwa konsènan konpansasyon travayè yo oswa lòt pwogram ki similè yo, lalwa etabli, e ki founi benefis pou aksidan ki rive nan travay oswa maladi ki pa gen okenn kesyon sou fèt." 45 C.F.R. 164.512(l).

Ekri Non ak Lèt Majiskil: _____

Siyati : _____ Dat: _____

Itilizasyon Entèn: Afiche Etikèt Reklamasyon an La a

Enfòmasyon Jeneral

N ap founi w enfòmasyon sa yo pou eksplike dwa w yo ak responsablite w yo. Tiliv sa a pral eksplike w dwa legal ou yo, dapre Eta Laflorid, pou resevwa salè ou pèdi, swen medikal ak enfòmasyon pou rete nan travay. Si w genyen nenpòt kesyon adisyonèl, tanpri pa ezite rele komi plent (ajistè) w la nan Divisyon Administrasyon Pou Risk la.

Kisa Konpansasyon Travayè ye?

TANPRI REMAKE: Ni anplwayè w oswa Divisyon Administrasyon Pou Risk la ki etabli benefis yo pèmèt sou lwa an. Se Eta Laflorid la ki regle Konpansasyon Travayè an epi lwa an ki regle nivo benefis yo. Ou pwoteje sou lwa konpansasyon travayè an si ou te sibi yon andomajman oswa yon maladi okipasyonèl, “ki rive pandan kous ak anviwonman” anplwa w la.

Dwa ak Benefis Anplwaye yo

- Se anplwayè yo ki founi kouvèti konpansasyon travayè san frè pou travayè andomaje an.
- Sa pral peye pou tout swen medikal rezonab ak nesèsè si yon anplwaye soufri andomajman nan travay la oswa devlope yon maladi okipasyonèl “ki rive nan kous ak anviwonman” anplwa w la.
- Anplwaye yo kouvri apatide premye jou nan travay la.
- Si yon anplwaye vin andomaje nan travay la, yo kapab mande li pou fè yon tès dwòg ak tès pou alkòl. Si tès la pozitif pou alkòl oswa dwòg nan moman aksidan an, yo kapab denye reklamasyon travayè andomaje an, epi li ka pa resevwa benefis
- Yon travayè andomaje genyen tout dwa pou resevwa yon kopi sou tout rapò medikal yon mande pou wè. Li posib pou yo mande yon frè \$.50 pou chak paj kopi regilye; pral aktyèl pou radyografi oswa dokiman ki pa sou papye kapab plis.



Kisa yon Komi Plent (Ajistè) ye?

Yon komi plent (ajistè) responsab pou ranmase tout prèv sou yon reklamasyon ak pran desizyon sou reklamasyon an, ansanm avèk bay otorizasyon pou benefis ki rive sou reklamasyon konpansasyon travayè yo, politik asirans yo, akò kouvèti yo ak akò sèvis yo.

Enfòmasyon Jeneral

Ki moun yon Enfimyè ki Responsab Ka ye?

Yon Enfimyè Ki Responsab Ka an se yon Enfimyè Anrejistre oswa yon Enfimyè Ki Gen Lisans Pou Pratike ki pral kowòdone swen medikal travayè andomaje yo. Enfimyè Ki Responsab Ka an pral pran randevou ak otorize tout randevou pou wè Fizisyen yo, reponn tout kesyon medikal ou yo ak ede travayè andomaje an pou rete nan travay oswa nan sèten ka, retounen nan travay apre tretman/swen.

Benefis Pèt Salè

Travayè andomaje an kapab kalifye pou resevwa salè li pèdi nan travay la akòz restriksyon Fizisyen k ap trete yo plase sou travayè ki andomaje yo.

Lwa Konpansasyon Travayè Eta Florid la egzije pou premye sèt jou apre aksidan an se yon peryòd datant. Apre sa, pandan kontinyasyon dezablite an, yo pral ranbouse travayè andomaje an pèt salè pou 66 2/3% mwayèn salè pa semèn yo an men pa pou depase maksimòm benefis Leta etabli an.

Kòm yo Sèvis pou Karyè, SES, oswa lòt anplwaye SMS pèmanan Eta Laflorid la, si ou soufri yon andikap akòz yon aksidan nan travay alekile ou pral genyen estati peyman tan konplè pou premye karant jou dezablite yo san yo pa egzije w pou itilize konje ou akimile yo. Apre premye semèn dezablite an yo pral pèmèt ou pou itilize konje ou akimile yo pou fè diferans nan salè w la pou vin 100% salè w la ak montan benefis dezablite Administrasyon Risk la peye w. Tanpri kontakte anplwayè w la la pou enfòmasyon adisyonèl.

Si ou genyen yon dezyèm djòb, se responsablite w pou kite komi plent (ajistè) an konnen paske sa ka enpake kalifikasyon benefis ou yo.

Rete nan Travay, Retounen nan Travay

Yo ekspekte travayè andomaje yo pou retounen nan travay imedyatman aprè randevou medikal yo an, kèlkeswa si yo gen kapasite nòmal oswa yon fason modifiye antan yon Fizisyen otorize. Si yon travayè andomaje refize pou retounen nan travay, li kapab pèdi sèten benefis konpansasyon.

Anplwayè yo pral fè tout efò pou founi travayè andomaje yo travay, ankonsideran limitasyon fonksyonèl Fizisyen k ap trete w la otorize. Si anplwayè an pa kapab re pran travayè andomaje an nan travay avèk restriksyon li yo, nou pral peye benefis jiskaske li jwenn yon lòt travay oswa yo deklare kondisyon medikal li amelyore sou maksimòm li.



OptaComp pral otorize tout rekòmandasyon medikal epi pral fè tout aranjman yo.

Enfòmasyon Jeneral

Amelyorasyon Medikal Maksimòm

Lè Fizisyen an wè travayè andomaje an retounen nan menm kondisyon li te ye avan aksidan li an oswa li rive nan gerizon pi bon medikalman apre aksidan an, Fizisyen an pral mete travayè andomaje an nan amelyorasyon medikal maksimòm. Le moman yo mete travayè andomaje an nan amelyorasyon medikal maksimòm, yo pral peye li nout benefis andikap yo dwe li nan fason nivo andikap Fizisyen ki otorize pou trete li an detèmine. Se Ajistè Divizyon Administrasyon Risk an ki peye Benefis Andikap yo.

Anplis, yo mete travayè andomaje an nan amelyorasyon medikal maksimòm, li pral oblije pou peye yon ko-peman \$10 pou chak vizit nan ofis sèvis medikal yo, eksepte pou swen dijan. Regilasyon ko-peman an selon Lwa Laflorid 440.13 (14) (c).

Nòt: Randevou swivi yo dwe resevwa otorizasyon alavans nan men Enfimyè Responsab Ka w la.

Responsablite OptaComp yo

OptaComp responsab pou ede avèk benefis medikal oswa pèt salè yon travayè andomaje dwe resevwa. Nou pral bay travayè andomaje an aksè pou swen medikal pa rekomandasyon pou sant/Fizisyen pou tretman ki pre sit travay nòmal travayè andikape an. OptaComp pral fè tout efò pou asire se Fizisyen ak lòt pwofesyonèl lisansye ki pral founi tout sèvis medikal yo. OptaComp pral ede avèk kesyon sou konpansasyon travayè yo ak kòman pou jwenn aksè sou swen medikal. Nou responsab pou peye tout benefis medikal konpansasyon travayè yo.

Responsablite Divizyon Administrasyon Pou Risk

Divizyon Administrasyon Risk la responsab pou founi konvèti asirans konpansasyon travayè pou anplwaye ki andomaje oswa volontè yo nan ajans ak inivèsite nan Eta Laflorid yo. Ajistè Divizyon Administrasyon Risk an responsab pou detèmine si reklamasyon an gen konpansasyon, pwovizyon pou benefis pèt tan nan travay yo pou pou anplwaye ki andomaje akòz yon aksidan nan travay la ak administrasyon lòt benefis konpansasyon travayè ki pa pa medikal yo. Administrasyon Risk la fòme patnerya avèk OptaComp pou kowòdone swen medikal ou.

Enfòmasyon Jeneral

Responsablite Travayè Andomaje yo

1. Swen Ka Dijans

- Nan yon Vrè Ka dijans, rele 911 oswa rele sal dijans ki pi pre w la, epi kontakte anplwayè w la le pli vit ki posib.
- Anplwayè w la pral rele OptaComp le pli vik ki posib apre ou fin resevwa swen/tretman sal dijans la te konplete.
- OptaComp pral kowòdine tout swivi medikal; ki kapab nesesè.

2. Swen Woutin oswa Swen Dijans

- Yon travayè andomaje dwe enfòme anplwayè an imedyatman sou aksidan an.
- Anplwayè an pral rele OptaComp pou jwenn aksè swen medikal apwopriye epi pou jwenn otorizasyon alavans pou swen sa a.
- Fizisyen an pral founi tretman epi fè detèminasyon pou tout bezwen medikal nan lavni yo.
- Ou dwe kenbe tout eskedil randevou swivi w pou evite pou mete benefis konpansasyon travayè w la ou dwe resevwa yo an danje.
- si pou kèk rezon ou pa kapab kenbe randevou medikal ou an, ou dwe kontakte Enfimyè Ki Responsab Ka w la imedyatman pou re pran yon lòt randevou epi pou jwenn otorizasyon pou lòt randevou w la.

Pandan w ap Resevwa Tretman

Yon fwa pandan yon reklamasyon, yon travayè andomaje kapab fè yon demann pou “chanjman Fizisyen yon sèl-fwa” lè ou rele Enfimyè Responsab Ka w la epi soumèt demann la alekri (gade paj 12). Le moman li resevwa demann alekri an, Enfimyè Responsab Ka w la epi pral fasilite transfè w pou nouvo Fizisyen an epi doktè ou genyen kounye an pral anile otorizasyon li.

Nenpòt kilè pandan tretman an, yon Fizisyen kapab rekòmande pou pran swen kay yon lòt espesyalis pou fè tès ak sèvis adisyonèl. OptaComp pral otorize tout rekòmandasyon medikal epi pral fè tout aranjman yo.

Sekirite

Anplwaye yo dwe mete ak itilize tout ekipman pwoteksyon anplwayè li an egzije. Echèk pou fè sa pral mennen rezilta rediksyon nan benefis endamnite konpansasyon travayè an pa 25%.

Sezon Siklòn

Pandan yon avi/siveyans siklòn, se travayè andomaje an ki responsab pou asire li genyen ase pwovizyon medikaman yo otorize pou li yo.

Enfimyè Responsab Ka w la disponib pou reponn tout kesyon ou genyen yo.

RANBOUSMAN MIL DISTANS TRAJÈ

Nimewo Sekirite Sosyal: _____
Anplwaye: _____
Anplwayè: _____
Dat Aksidan an: _____

****TANPRI KONPLETE CHAK SEKSYON NAN FÒM SA A
POU REKLAMASYON RANBOUSMAN W AP FÈ POU MIL
DISTANS TRAJÈ YO.**

Nimewo Reklamasyon: _____

NON AK ADRÈS FIZISYEN OSWA FASILITE MEDIKAL LA:	DAT (yo):	ADRÈS KOTE MOUN K AP REKLAME AN TE KÒMANSE	ADRÈS DESTINASYON FINAL APRE RANDEVOU DOKTÈ AN	MIL DISTANS TRAJÈ ALE RETOU YO
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____

PA EKRI ANYEN NAN SEKSYON SA A.

YO RANBOUSE MIL DISTANS TRAJÈ A \$.445 SANTIM POU CHAK MIL TRAJÈ POU ALE/RETOUNEN KAY YON FOUNISÈ
SWEN MEDIKAL OTORIZE APRE DAT 6/30/06.

Tout moun ki, avèk tout konsepsyon pou fè dimal, triche, oswa fè desepsyon sou nenpòt anplwayè oswa anplwaye, konpayi asirans oswa pwogram asirans li pran
poukont li, klase yon deklarasyon pou reklamasyon ki gen ladann nenpòt enfòmasyon ki fo oswa ki twonpe, ap komèt yon fwòd, ki ka resevwa santans nan FS 817.234.

Voye li pou: Divizyon Administrasyon Pou Risk
(Division of Risk Management)
Bureau of State Employees' WC Claims
P.O. Box 8020
Tallahassee, Florida 32314-8020

Siyati moun k ap reklame an: _____
Adrès Postal: _____
Vil/Eta/Kòd Postal: _____
Dat la: _____

RANBOUSMAN MIL DISTANS TRAJÈ

Nimewo Sekirite Sosyal: _____
 Anplwaye: _____
 Anplwayè: _____
 Dat Aksidan an: _____

****TANPRI KONPLETE CHAK SEKSYON NAN FÒM SA A
 POU REKLAMASYON RANBOUSMAN W AP FÈ POU MIL
 DISTANS TRAJÈ YO.**

Nimewo Reklamasyon: _____

NON AK ADRÈS FIZISYEN OSWA FASILITE MEDIKAL LA:	DAT (yo):	ADRÈS KOTE MOUN K AP REKLAME AN TE KÒMANSE	ADRÈS DESTINASYON FINAL APRE RANDEVOU DOKTÈ AN	MIL DISTANS TRAJÈ ALE RETOU YO
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____

PA EKRI ANYEN NAN SEKSYON SA A.

YO RANBOUSE MIL DISTANS TRAJÈ A \$.445 SANTIM POU CHAK MIL TRAJÈ POU ALE/RETOUNEN KAY YON FOUNISÈ
 SWEN MEDIKAL OTORIZE APRE DAT 6/30/06.

Tout moun ki, avèk tout konesans ak entansyon pou fè dimal, triche, oswa fè desepsyon sou nenpòt anplwayè oswa anplwaye, konpayi asirans oswa pwogram asirans li pran
 poukont li, klase yon deklarasyon pou reklamasyon ki gen ladann nenpòt enfòmasyon ki fò oswa ki twonpe, ap komèt yon fwòd, ki ka resevwa santans nan FS 817.234.

Voye li pou: Divizyon Administrasyon Pou Risk
 (Division of Risk Management)
 Bureau of State Employees' WC Claims
 P.O. Box 8020
 Tallahassee, Florida 32314-8020

Siyati moun k ap reklame an: _____
 Adrès Postal: _____
 Vil/Eta/Kòd Postal: _____
 Dat la: _____

TANPTI KONPLETE SIYEN EPI RETOUNEN LI

POU: **OptaComp**
P.O. Box 44291
Jacksonville, FL 32231-4291

Referans: Anplwayè: _____
Nimewo Reklamasyon: _____
Dat Aksidan te Rive: _____
Fizisyen Konkiran: _____

Tanpri aksepte lèt sa a kòm demann yon sèl-fwa pou chanje Fizisyen pou aksidan ki endike anwo la a.

Lwa Laflorid 440.13(2)(f) la defini dwa ak responsablite travayè andomaje yo nan fason li endike anba la a:

“Lemoman anplwaye an fè yon demann alekri, konpay asirans la dwe bay anplwaye an opòtinite pou chanje Fizisyen pandan kous tretman li pou nenpòt youn nan aksidan li. Lemoman yo aksepte chanjman Fizisyen an, klinisyen orijinal ki te otorize nan menm espesyalite ak fizisyen l ap chanje an an, pral pèdi otorizasyon li lemoman li resevwa yon notifikasyon alekri nan men Anplwayè an oswa konpayi asirans la. Konpayi asirans la pral otorize yon pizisyen altènatif ki pap genyen okenn pwofesyonèl asosyasyon avèk fizisyen avan an nan lespas 5 jou apre li resevwa demann la. Si konpayi asirans la make pou founi yon chanjman fizisyen lè anplwayè an te fè demann la, anplwayè an kapab chwazi fizisyen an epi fizisyen sa a pral konsidere otorize si tretman li pral founi an gen konpansasyon ki medikalman nesesè yo.”

Lè mwen siyen anba la a, mwen konprann ak deklare m ap fè yon demann pou chanjman yon sèl-fwa Fizisyen mwen nan fason lwa Laflorid la pèmèt mwen epi mwen pa kapab mande pou yon lòt chanjman fizisyen mwen an.

Ekri Non ak Lèt Majiskil: _____

Siyati: _____ Dat la: _____

TANPTI KONPLETE SIYEN EPI RETOUNEN LI

Kesyon Sondaj yo	Trè Satisfè	Jeneralman Satisfè	Jeneralman Pa Satisfè	Pa Satisfè Ditou
Eksperyans nan Sèvis OptaComp:				
1. Solisyon swen OptaComp ofri to parèt yo vrèman sousye sou ensidan ki te rive nan travay mwen an. (Egzanp: Mwen santi mwen reyasire, sipòte, epi yo tande sa mwen di)				
2. OptaComp okipe reklamasyon mwen an konplètman. (Egzanp: Mwen te santi mwen te nan bon men, yo retounen apèl mwen an san delè, epi enfòmasyon mwen resevwa yo te egzak)				
3. OptaComp te asire li mwen te konnen kòman mwen kapab jwenn èd konsènan reklamasyon mwen an. (Egzanp: Yo te ofri mwen yon nimewo lokal oswa gratis, yo te founi enfòmasyon sou kòman mwen kapab jwenn Komi Plent (Ajistè) ak enfimyè mwen an)				
Premye Swen pou Andomajman Mwen an:				
4. Mwen santi egzaminasyon medikal mwen resevwa an te okipe bezwen medikal mwen yo. (Egzanp: Ekzaminasyon an te adekwa, Fizisyen an te diskite opsyon tretman yo avèk mwen, te ban mwen reyasirans pou gerizon mwen, elatriye)				
5. Si mwen pat genyen pwòp fizisyen mwen, mwen ta dwe chwazi fizisyen sa a pou founi mwen swen ki ka gen relasyon ak travay.				
6. Mwen santi Fizisyen an te pran bon tan pou eksplike sa li te jwenn, konklizyon yo ak ak ekspektasyon sou andomajman mwen an. (Egzanp: Fizisyen an te eksplike wòl mwen pou mwen rete aktif nan gerizon mwen epi kapasite mwen pou rete nan travay oswa retounen nan travay. Mwen genyen yon bon konpreyansyon so kondisyon konsènan travay mwen)				
7. Premye swen mwen an te founi pa: (tanpri tcheke youn nan opswyen ki anbala yo)				
Sal Dijans_____	Sant Swen Dijans / San Randevou_____	Biwo Fisisyen Endividyèl/Espesyalis_____		
Kòmantè Adisyonèl (Si li nesesè, tanpri itilize papyè adisyonèl):				

RAPÒ REVNI ANPLWAYE YO
DEPATMAN FLORID POU SÈVIS FINANSYÈL
Divizyon Konpansasyon Travayè

DAT ANTITE KAP-OKIPE REKLAMASYON AN RESEVWA LI	DAT YO VOYE LI NAN VIVIZYON AN	DAT DIVIZYON AN RESEVWA LI

Kosyon

ECHÈK OSWA REFI ANPLWAYE AN POU KONPLETE, SIYEN AN RETOUNEN
RAPÒ SA A NAN LESPAS 21 JOU APRÈ DAT OU TE RESEVWA DEMANN LA
KA LAKOZ POU BENEFIS YO ESTOPE JISKASKE FÒM LA KONPLETE EPI
RETOUNEN POU MOUN KI TE MANDE LI AN.

EKRI AK LÈT MAJISKIL OSWA TAPE LI

I. IDANTIFIKAYON PATI YO (pati ki fè demann la dwe ranpli)				
NIMEWO SEKIRITE SOSAYL ANPLWAYE AN <		NON ANPLWAYE AN (Prenon, Dezyèm Prenon, Non)		DAT AKSIDAN AN: (Mwa/Jou/Ane)
ADRÈS ANPLWAYE A		NON AK ADRÈS ANPLWAYE KI FÈ AKSIDAN AN		NON AK ADRÈS ANTITE KAP-OKIPE REKLAMASYON AN Department of Financial Services Division of Risk Management Post Office Box 8020 Tallahassee, Florida 32314-8020
II. NOTIFIKASYON POU ANPLWAYE AN				
LWA KONPANSASYON TRAVAYÈ YO EGZIJÈ TOUT MOUN KI RESEVWA OSWA REKLAME BENEFIS POU DEZABLITE TANPORÈ AK OSWA DEZABLITE TOTAL PEMANAN POU RAPÒTE TOUT REVNI SOU NENPÒT NATI POU ANPLWAYÈ AN, KONPAY ASIRANS LA AK/OSWA DIVIZYON KONPANSASYON TRAVAYÈ AN. TANPRI KONPLETE RAPÒ SA A EPI RETOUNEN LI POU PATI KI FÈ DEMANN LA NAN LESPAS 21 JOU APRÈ TAT OU TE RESEVWA LI AN.				
PERYÒD TAN POU RAPÒTE ANT:		POU: ÈSKE OU TE RESEVWA REVNI NAN NENPÒT SOUS PASE KONPANSASYON TRAVAYÈ AN? ☐ WI (SI WI, KONPLETE FÒM SA A, (SIYEN, DATE, AK RETOUNEN LI) ☐ NON (SI NON, SIYEN, DATE, AK RETOUNEN LI)		
SI LI NESESE, ATACHE DOKIMANTASYON REVNI ADISYONÈL				
III. ÈSKE OU TE GANYE REVNI NAN MEN OKENN MOUN, ANTREPRIZ OSWA KONAYI PANDAN PERYÒD TAN NAN SEKSYON II AN?		☐ WI (SI WI, KONPLETE ENFÒMASYON KI ANBA LA A) NON		
NON MOUN/ANPTREPRIZ/KONPAYI	ADRÈS		PERYÒD OU TE TRAVAY ANT: POU:	TOTAL REVNI BRIT
IV. PANDAN PERYÒD TAN NAN SEKSYON II AN, ÈSKE OU TE YON APLWAYE ENDEPANDAN?		WI NON	TANPRI NAN YON FASON KOUT DEKRI NATI BIZNIS OSWA SÈVIS LA	
DAT OU TE TRAVAYÈ ENDEPANDAN	SALÈ, REVNI OSWA BENEFIS OU TE RESEVWA		DAT OU TE TRAVAYÈ ENDEPANDAN	SALÈ, REVNI OSWA BENEFIS OU TE RESEVWA
ANT: POU:			ANT: POU:	
☐ WI (SI WI, DEKLARE MONTAN AN) NON				
MOTAN TOTAL REVNI SEKIRITE SOSYAL OU AN		MONTAN YO PEYE W POU DEZABLITE W LA		MONTAN YO PEYE W POU DEPENDAN W YO
VI. PANDAN PERYÒD TAN NAN SEKSYON II AN, ÈSKE OU TE RESEVEA SALÈ, REVNI, OSWA BENEFIS NAN OKENN LOT SOUS, i.e. Benefis Konpansasyon Chomaj, Benefis Konpansasyon Travayè nana men yon lòt konpay asirans, eks.? Atache dokimantasyon adisyonèl si li nesesè.		☐ WI (SI WI, DEKLARE MONTAN AN) NON		
PERYÒD OU TE RESEVWA BENEFIS YO				MONTAN TOTAL
SOUS SALÈ, REVNI OSWA BENEFIS	ANT:	POU:		
Tout moun ki, avèk tout konesans ak entansyon pou fè dimal, triche, oswa fè desepsyon sou nenpòt anplwayè oswa anplwaye, konpayi asirans oswa pwogram asirans li pran poukont li, lase yon deklarasyon pou reklamasyon ki gen ladann nenpòt enfòmasyon ki fo oswa ki twonpe, ap komèt yon fwòd, ki ka resevwa santans nan § 817.234, Seksyon 440.105(7), F.S				
MWEN TE RESEVWA, KONPRANN, AK DEKLARE SA KI ANWO LA A. ENFÒMASYON SA A VRE E KOREK DAPRÈ TOUT SA MWEN KONNEN.				
SIYATI ANPLWAYE A		DAT LA		
VII. RETOUNEN POU (Se pati ki fè demann la ki dwe konplete):				
NON PATI KI FÈ DEMANN LA	SIYATI PATI KI FÈ DEMANN LA		ADRÈS AK TELEFÒN PATI KI FÈ DAMANN LA Florida Department of Financial Services Bureau of State Employees' WC Claims Post Office Box 8020 Tallahassee, Florida 32314-8020 (850) 413-3123	
TIT	DAT (Mwa, Jou, Ane)			

Enfòmasyon Enpòtan: Salè Avan Andomajman an

LI PATI SA SI YO TE BA W PÈMISYON POU RETOUPEN NAN TRAVAY EPI OU PAP FÈ OMWENS 80% SALÈ OU TE KONN RESEVWA AVAN AKSIDAN AN

Doktè lwa te ba w pèmisyon pou retounen nan travay, men akòz aksidan ki te rive w nan travay la, yo mete restriksyon sou kalite travay ou kapab fè kounye a. Paske ou poko rive nan amelyorasyon medikal maksimòm ou an (dat apre doktè w la te di andomajman w la pwobableman pap fè plis amelyorasyon), ou kapab kontinye resevwa benefis konpansasyon travayè chak de (2) semèn si ou pa kapab ganye omwens 80% salè pa semèn ou te konn fè avan aksidan w la.

Benefis sa yo, rele benefis Dezablite Pasyèl Tanporè, yo pral peye jiskaske:

1. Ou rive nan amelyorasyon medikal maksimòm ou an oswa ou kapab retounen nan travay san restriksyon;
2. Ou esevwa maksimòm 104 semèn lalwa pèmèt yo pou swa benefis Dezablite Total Tanporè benefis Dezablite Tanporè pasyèl, oswa benefis Antrenman ak Edikasyon Total Tanporè oswa 104 semèn pou benefis konbine yo; OSWA
3. Ou ganye 80% oswa plis pa semèn salè ou te konn fè lè ou te gen aksidan an.

ENPÒTAN: Benefis Dezablite Pasyèl Tanporè kapab estope si:

1. Ou dwe notifiye ajistè Divisyon Administrasyon Pou Risk ou an nan lespas senk (5) jou ouvrap yo apre ou retounen nan travay;
2. Ou pap travay akòz pwòp move konpòtman w nan travay la;
3. Ou refize yon anplwa ki bon pou ou; oswa
4. Ou pat retounen, si yo te mande w, Fòm DS-F2-DWC-19, fòm “Rapò Revni Anplwaye an” (paj 16), jan li adopte nan Regilasyon 69L-3.025, F.A.C., pou ajistè Divisyon Administrasyon Pou Risk ou an nan lespas 21 jou apre ou te resevwa li epi rapòte revni ou te resevwa yo, ki enkli Alokasyon Chomaj oswa benefis Sekirite Sosyal yo. Yo kapab mande w pou konplete, siyen ak retounen Fòm Rapò Revni Anplwaye an yon fwa pa mwa.

Ou dwe notifiye Divisyon Administrasyon Pou Risk la imedyatman si ou estope fè omwens 80% salè pa semèn avan aksidan w la. Sepandan, si ou kite djòb ou an san kòz jis nan fason jij la detèmine, yo pral peye w benefis dezablite pasyèl tanporè w la baze sou montan lajan ou te konn ganye an e ou pat kite travay ou.

Pou plis enfòmasyon sou benefis dezablite pasyèl tanporè yo, tanpri rele Biwo Ombudsman Asistans Anplwaye (EAO) ak Divizyon Konpansasyon Travayè an nan nenpòt biwo lokal yo ki liste nan bwochi “Enfòmasyon sou Konpansasyon Travayè ki Enpòtan pou Travayè Laflorid yo”, oswa nan 1 (800) 342-1741.

Fòm yo mete anplis la DFS-F2-DWC-19 (gade nan paj 12)

OptaCompSM

The workers' comp affiliate of Florida's



oryantasyon pou travayè ki andomaje



*Isit la nan OptaComp nou anbrase
divèsite kòm "enklizyon pou tout moun,
espesifikman konbinezon inik karakè
imèn pèsonel ak lòt moun yo tou".*



Tanpri vizite nou nan www.optacomp.com

OptaComp ak parann li yo, Blue Cross ak Blue Shield Laflorid an,
Yon Filyal Endepandan Sètifye Blue Cross and Blue Shield Association.
OptaComp se non mak fòmèl pou Comp Options Insurance Company, Inc.